NYC Health









# PrEP

## Dafay aare ci VIH





# PrEP = porofitaksi laata-expoosision (pre-exposure prophylaxis)

PrEP garab la gu wóor te am njariñ ngir moytu VIH. PrEP mën na aar ñépp ci VIH.

## Amna ñatti anam yu ñuy jëlee PrEP:







| Garabu bes bu nekk | Ñàkk | Ci Cakkuteef |
|---|---|---|
| Naan benn garab PrEP bes bu nekk. | Ñaari weer yu nekk na nga jël ñakku PrEP. | Lu aju ci góor ñiy tëddee seen moroomu góor: Jëlël pilule PrEP balaa nga sëy ak ginaaw bo sëyee ba pare. |

Ndaw ñi mën nañu jël PrEP te seeni waajur wala njaatige joxu leen ndigal.

## PrEP bu bes bu nek

Jëlël benn tablet benn yoon ci bes bi, doonte bes yi nga dul sëy la.

Ñetti weer yu nekk demal seeti sa fajkat ngir mu delloosi sa rëset ba noppi ñu saytu la ndax amoo VIH wala yeneen feebaru sëy (sexually transmitted infection, STI). Yenn fajkat yi dañuy saytu sa yaram ci telefon wala ci woote wideo.

Nanga jël PrEP bis bu nekk nga jëfandikoo Truvada (wala generik bi) wala nga jëfandikoo Descovy.





## PrEP buñ mëna pikiir

Ñaari weer yu nekk demal seeti sa fajkat ngir mu pikiir la pikiiru Apretude, garabu PrEP, ba noppi ñu saytu la ndax amoo VIH wala STI.

Dafay baax lool nga moytoo bàyyi pikiir yiñ la bindal. Waxtaanal ak sa fajkat balaa ngay bàyyi PrEP bi ñuy pikiir.

# PrEP cik Cakkuteef



PrEP cik cakkuteef dankoo jàgleel góor ñiy tëddee seen moroomu góor. Soo bëggee jëfandikoo PrEP cik cakkuteef, dangay naan pilule PrEP balaa nga sëy ak ginaaw bo sëyee ba pare:

- 2 pilules 2 ba 24 waxtu balaa ngay sëy (doos bu njëkk bi)
- 1 pilule 24 waxtu ginaaw doos bu njëkk bi
- 1 pilule 48 waxtu ginaaw doos bu njëkk bi



Soo wéyee di sëy, wéyal di naan benn pilule 24 waxtu yu nekk ba nga naan ñaari pilule ginaaw bi nga sëyee ba pare:

**PrEP cik cakkuteef dafay moytu lo VIH ci sëy ci ginaaw waaye waru ñu ko jëfandikoo ci ñiy sëy ci kanam.**

**Jëfandikool Truvada wala generik bi sooy jël PrEP cik cakkuteef.**



# Tambali PrEP

Ngir am ki lay jox liggéey bu am xam-xam:

- Seetal NYC Health Map (kàrtu wérgi-yaramu NYC) ci **nyc.gov/health/map**.
- Wut klinik bu lay jàppale ci wàllu awra NYC (NYC Sexual Health Clinic) ci adres bii **nyc.gov/health/sexualhealthclinics**.
- Wooteel ci **311** ngir am ndimbal.

Medicaid ak assurance wérgi-yaram yu bari dañu wara fay PrEP te doo fay. Laajteel sa fajkat wala farmasiyen ci prograami ndimbalu PrEP.



# Nekal ci jàmm ak PrEP

- Jëlël PrEP biñu la bindal ngir sa yaram am garab gu doy ngir moytu VIH.
- PrEP dalay moytuloo VIH kese. Ngir nga mana moytu yeneen STI, deel faral di saytu STI te ngay jëfandikool prezervatif. Waxtaanal ak sa doktër ci PEP doxy (doxycycline profilaxis post-exposition), pilule bi ngay naan ginaaw bi nga sëyee ngir moytu jàngoroy STI yi.



**Soo bëggee moytu ëmb, jëfandikool prezervatif wala yeneen xeeti soreelukaayu njur. Mën nga jëfandikoo PrEP sudee danga ëmb wala nga jël benn xeeti soreelukaayu njur wala terapi hormonal.**

# Dellu ci PrEP

Waxal sa doktër su amee lu lay tere jël PrEP biñu la bindal wala nga dem ci sa ranndiwu. Soo bàyyee jëfandikoo PrEP, jëfandikoo prezervatif wala beneen pexe ngir moytu VIH.





# PrEP

## Dafay aare ci VIH

Ngir am ci yeneen leeral, demal ci **nyc.gov/health** te nga seet **PrEP** wala nga skane kodu QR bi.

NYC Health